

# Yon men anplis pou paran ki gen men yo chaje

Kounye a, ou gen mwens bagay ki pou trakase w. Medicaid ak CHIP ofri asirans sante gratis oswa a bon mache pou timoun ak jèn adolesan. Timoun yo ka al fè konsiltasyon medikal regilyèman, yo ka pran vaksen, yo ka al kay doktè ak kay dantis, yo ka jwenn swen lopital, yo ka jwenn sèvis sante mantal, preskripsyon, ak anpil lòt bagay ankò. Fanmi ki gen kat moun ladan kap touche preske \$50,000 ka kalifye (oswa menm plis nan sèten eta).

Ale nan **InsureKidsNow.gov** oswa rele nan **1-877-543-7669** (**KIDS-NOW**) pou w aprann plis sou kouvèti sante a bon mache pou fanmi w.



**InsureKidsNow.gov**

